



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

KALUNG KERTAS EMAS



Penulis: **Suwarsidi**
Ilustrator: **Landha Bellamora**

C



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

KALUNG KERTAS EMAS

Penulis: **Suwarsidi**
Ilustrator: **Landha Bellamora**

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Kalung Kertas Emas

Penulis : Suwarsidi
Ilustrator : Landha Bellamora
Penerjemah : Siti Nurhilmi Nihayati
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Galang Prastowo
2. Bahasa Indonesia: Wuroidatil Hamro

Penata Letak : Landha Bellamora

Tim Pelaksana: 1. Wuri Rohayati
2. Wuroidatil Hamro
3. Nindwihapsari
4. M. Haris Ardhani
5. Rino Edrianto

Penerbit

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024
ISBN 978-623-388-691-8

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 15/16, Arial 12. ii, 18 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.

Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi

Ésuk-ésuk, Bening ditimbali Bu Mawar. Bu Mawar dhawuh supaya Bening mèlu kepyakan kagunan kanggo wisudhan kelas VI. Déné kepyakan kagunan wujudé sandiwara. Bening didhawuhi golèk kanca cacahé telu.

“Oh, nggih, Bu!” aturé Bening marang Bu Mawar. Sejatiné, pikiré Bening bingung.

“Apa ana kanca sing gelem diajak kepyakan kagunan?” pitakoné Bening ing ati. Bening banjur nemoni kanca-kancané. Bening seneng atiné jalaran Embun, Bumi, lan Bagas gelem diajak kepyakan kagunan.

“Gelem, ning sandiwara mbutuhaké gamelan, rias, lan sandhangan lho!” Bagas awèh penemu.

“Bab iku dipikir sésuk, sing penting padha saguh,” pratélane Bening karo mèmsem.

Suatu pagi, Bening dipanggil Bu Mawar. Bu Mawar menyuruh Bening untuk mengikuti pementasan wisuda kelas 6. Adapun pementasan tersebut berupa sandiwara. Bening disuruh mencari teman tiga orang.

“Oh, iya Bu!” kata Bening kepada Bu Mawar.

Sebenarnya, pikiran Bening bingung. “Apakah ada teman yang mau diajak ikut pementasan?” tanya Bening dalam hati. Kemudian, Bening menemui teman-temannya. Bening senang hatinya karena Embun, Bumi, dan Bagas mau diajak ikut pementasan.

“Mau, tetapi sandiwara membutuhkan gamelan, rias, dan kostum lho!” Bagas mempunyai usul.

“Hal itu dipikir besok, yang penting semua sanggup,” ujar Bening dengan tersenyum.



Bali saka sekolah, sawisé mangan, Bening banjur mbukak lemari lan rak bukuné. Dhèwèké nggolèki tulisan kang ngrembug sandhangan lan gamelan kanggo kepyakan kagunan sandiwara. Suwé anggoné nggolèki, nanging ora ketemu, dhèwèké rumangsa kesel, banjur lèrèn.

Benginé, Bening nyoba nggolèki maneh, nanging ora ketemu uga. Ibu lan bapakné Bening awèh péling marang Bening, “Wis wengi, Ndhuk. Lèrèn sik, énggal bubuk!”. “Nggih, Pak, Bu,” kandhané Bening banjur mapan turu.

Ésuké, ing sekolahan, Bening rembugan karo kanca-kancané ngenani sandhangan lan gamelan sandiwara. Bening kandha yèn durung nemokaké gagasan bab sandhangan kanggo kepyakan kagunan sandiwara.

Pulang sekolah, setelah makan, Bening membuka lemari dan rak bukunya. Dia mencari tulisan tentang kostum dan gamelan untuk pementasan sandiwara. Setelah lama mencari dan tidak menemukannya, Ia merasa lelah, lalu berhenti.

Pada malam hari, Bening mencoba mencari lagi tetapi tetap tidak menemukannya. Ibu dan bapaknya mengingatkan Bening. “Sudah malam, Nak. Berhenti dulu, cepat tidur!”. “Iya Pak, Bu,” kata Bening kemudian beranjak tidur. Pagi harinya di sekolah, Bening mengobrol dengan teman-temannya mengenai kostum dan gamelan sandiwara. Bening berkata jika dia belum menemukan ide tentang kostum untuk pementasan sandiwara.



“Kepriyé yèn sandhangané digawé saka gombal lungsuran?” pitakoné Bagas. Bumi mesam-mesem ngrungokaké usulé Bagas.

“Usulmu apik, Gas, nanging apa cocog karo lakoné? Lakoné apa ta, Ning?” takoné Bumi.

Bening banjur kandha yèn lakoné ‘*Bidadari Sakti*’. “Bu Mawar uga dhawuh supaya gamelan migunakaké rosokan.” Bening mbacutaké omongé.

Embun awèh usulan, “Sandhangané digawé saka kertaskertas rosokan lan kanthong plastik rosok waé! Gamelané nganggo èmbèr rusak waé, gendul tilas wadhah setrup, lan liya-liyané!”

“Bagaimana jika kostumnya dibuat dari kain perca?” tanya Bagas. Bumi tersenyum mendengar usul Bagas.

“Usulmu bagus Gas. Akan tetapi, apakah cocok dengan jalan ceritanya? Ceritanya tentang apa sih, Ning?” tanya Bumi.

Bening lalu menjawab jika ceritanya berjudul ‘*Bidadari Sakti*’. “Bu Mawar juga meminta agar gamelannya menggunakan barang bekas,” Bening melanjutkan ucapannya.

Embun memberikan usulan, “Kostumnya dibuat dari kertas-kertas dan kantong plastik bekas saja! Gamelannya menggunakan ember rusak, botol bekas sirup, dan lain-lainnya!”

“Oh. Aku sarujuk karo usulé Embun. Mangkono kuwi ora butuh ragad utawa biaya!” kandhané Bening kanthi sumringah.

Bagas banjur bengak-bengok, “Oh, aku kèlingan naté ndhèrèk ibu nonton *fashion show*. Kabèh peragawan lan peragawati nganggo sandhangan saka barang-barang rosokan. Ibuku malah ngrekam nganggo HP-né. Kétoké *video*-né isih disimpen. Kapan-kapan yèn wis bubar latihan mampir ngomahku nonton *video*-né. Muga-muga ibu maringi idin!”

“Nanging kepriyé anggoné golèk rosokan iku? Apa mulungi néng jugangan? Wuih, mambu kecing!” kandhané Embun karo mithes irungé dhéwé.

“Oh, aku setuju dengan usulnya Embun. Bahkan, itu tidak membutuhkan biaya!” kata Bening dengan ceria.

Bagas kemudian berteriak, “Oh, aku teringat ketika ikut ibu nonton *fashion show*. Semua peragawan dan peragawati menggunakan kostum dari barang-barang bekas. Saat itu, Ibuku merekam dengan gawainya. Sepertinya, *video* itu masih disimpan. Suatu saat, jika sudah selesai latihan mampir ke rumahku nonton videonya. Semoga ibu memberi izin.”

“Akan tetapi, bagaimana cara mencari barang bekas itu? Apakah dengan cara memulung di tempat sampah? Wuih, bau pesing!” kata Embun sambil memencet hidungnya sendiri.



“Mesthi waé ora ngono kuwi. Rosokan rak akèh ta? Contoné: kalèng, èmbèr, pralon, ban karèt sing wis ora kanggo!” kandhané Bumi. “Ning, aku isih bingung, généya ndadak rosokan sing bakal dianggo sandhangan lan gamelané, ya?” Embun takon kanthi praupan katon ora mudheng.

Bumi nyoba nerangaké, “Saiki uwuh wis dadi perkara ing ngendi-endi. Kanthi migunakaké rosokan kanggo sandhangan lan gamelan, awaké dhéwé awèh piwulang. Piwulang supaya manpangataké rosokan, ora mung dibuwang ngono waé.”

“O, ngono. Wis, ayo, énggal gladhèn!” Embun kandha karo manggut-manggut. Bocah-bocah iku banjur padha nyekel naskah paringané Bu Mawar. Anggoné gladhèn sandiwara ora ditunggoni Bu Guru. Kabèh wis katon mandhiri dipimpin Bening.

“Mestinya tidak seperti itu. Barang bekas itu banyak kan? Contohnya: kaleng, ember, paralon, ban karet yang sudah tidak terpakai!” kata Bumi. “Akan tetapi, aku masih bingung, mengapa harus barang bekas yang dipakai untuk kostum dan gamelan?” Embun bertanya dengan wajah terlihat tidak mengerti.

Bumi mencoba menjelaskan, “Sekarang sampah sudah menjadi masalah di berbagai wilayah. Dengan memanfaatkan barang bekas untuk kostum dan gamelan, kita mendapat pelajaran. Pelajaran untuk memanfaatkan barang bekas, agar tidak terbuang sia-sia.”

“O, begitu. Ya sudah ayo cepat latihan!” Embun berkata sambil mengangguk-angguk. Kemudian, anak-anak itu memegang naskah pemberian Bu Mawar. Saat latihan sandiwara, mereka tidak didampingi oleh Bu Guru. Semua sudah terlihat mandiri dipimpin Bening.

Critané ana bocah wadon, jenengé Mlathi, sing angsara amarga disiyasiya ibuné kuwalon. Saben dina Mlathi dikongkon nyambut gawé abot. Kahanan iku murugaké Mlathi sawayah-wayah nangis lan ndonga marang Kang Mahakuwasa. Mlathi ndonga supaya bisa mentas saka kasangsaran iku.

Sawijining dina, nalika lagi rampung ndonga, Mlathi diparani wanita ayu banget. Mak jleg. Wanita iku dumadakan ngadeg ing ngarepé Mlathi. Mlathi ditakoni généya sawayah-wayah tansah nangis?

Mlathi banjur nyritakaké kasangsarané marang wanita ayu iku. Kanyata wanita iku sawijining widadari utusaning Kang Mahakuwasa.

Ceritanya ada anak perempuan bernama Mlathi yang sengsara karena disia-siakan ibu tirinya. Setiap hari Mlathi disuruh bekerja keras. Keadaan itu membuat Mlathi setiap saat menangis dan Ia berdoa kepada Yang Maha Kuasa. Mlathi berdoa supaya bisa keluar dari kesengsaraan itu.

Suatu hari ketika sudah selesai berdoa, Mlathi didatangi wanita sangat cantik. *Deg.* Wanita itu tiba-tiba berdiri di depan Mlathi. Mlathi ditanya mengapa sering menangis?

Kemudian, Mlathi menceritakan kesengsaraannya kepada wanita cantik itu. Ternyata wanita itu salah satu bidadari utusan Sang Maha Kuasa.

Mlathi ditulungi déning widadari iku lumantar kasektèné kang wujud teken sekti. Kanthi pitulungan kasebut, kabèh gawéyané Mlathi bisa cepet rampung. Mlathi wis ora kesel manèh. Ing kamaré uga wis sumadhia sakèhing panganan. Sabanjuré Mlathi wis dadi prawan kang ayu banget sarta becik budi pekertiné.

Sawijining dina ana pangéran putra raja kesasar tekan omahé Mlathi. Pangéran bagus iku tresna marang Mlathi. Mlathi didadèkaké garwané Sang Pangéran. Sabanjuré Mlathi diboyong menyang kraton, ninggalaké omahé, lan dadi kepénak uripé.

Ibuné njaluk ngapura marang Mlathi. Mlathi ora males ibune

kuwalon sing wis tumindak sewenang-wenang marang dhèwèké. Ibuné kuwalon diboyong menyang kraton. Ibuné melu kepénak uripé.

Mlathi ditolong oleh bidadari itu dengan kesaktiannya yang berwujud tongkat sakti. Dengan pertolongan tersebut, semua pekerjaan Mlathi bisa cepat selesai. Mlathi sudah tidak lelah lagi. Di kamarnya juga sudah tersedia banyak makanan. Kemudian, Mlathi menjadi gadis yang sangat cantik serta baik budi pekertinya.

Suatu hari ada pangeran putra raja tersesat sampai rumah Mlathi. Pangeran tampan itu jatuh cinta kepada Mlathi. Mlathi dijadikan istri oleh sang pangeran. Kemudian, Mlathi diboyong ke kraton meninggalkan rumahnya dan hidup bahagia.

Ibunya meminta maaf kepada Mlathi. Mlathi tidak membalas ibu tirinya yang telah berbuat semena-mena kepadanya. Ibu tirinya diboyong ke kraton. Ibunya ikut hidup bahagia.



Gladhèn sandiwara diadani saben dina sawisé bubar pelajaran kèri dhéwé. Anggoné gladhèn mèmèng, kabèh padha bisa dadi paraga kang pas banget. Bu Mawar katon marem penggalihé.

“Aku yakin, sandiwaramu bakal bisa kasil nyedhot kawigatèné

penonton!” ngendikané Bu Mawar. Bocah-bocah padha marem atiné amarga olèh pambombong saka guruné iku. Anggoné gladhèn saya mèmèng.

Bali saka sekolah padha mampir omahé Bagas. Kabèh padha nonton video kaya kang dicritakké Bagas wektu kepungkur. Bening sakanca banjur padha ngrembug anggoné bakal gawé sandhangan lan iringané. Ing omah, Bening maca-maca majalah sing isiné babagan sandhangan lan gamelané rosokan.

Latihan sandiwara diadakan setiap hari setelah selesai pelajaran terakhir. Mereka latihan dengan giat, sehingga semua bisa berperan dengan baik. Bu Mawar terlihat puas.

“Aku yakin sandiwaramu akan berhasil memukau perhatian penonton!” ucap Bu Mawar. Anak-anak terlihat puas karena mendapat pujian dari gurunya. Latihannya pun semakin giat.

Pulang sekolah, mereka mampir ke rumah Bagas. Mereka menonton video yang diceritakan Bagas waktu lalu. Bening dan teman-teman kemudian berembuk tentang cara pembuatan kostum dan musiknya. Di rumah, Bening membaca majalah yang isinya tentang kostum dan gamelan dari barang bekas.

Dina candhaké padha rembugan manèh. Kabèh sarujuk, gamelan iringané migunakaké rosokan wadhah cèt tembok, gendul, lan sapanunggalané.

Sandhangan digawé barengbareng ing omahé Bumi. Bumi duwé piranti komplét, kaya gunting, lading, *cutter*, benang, lan liyaliyané. Bapak lan ibuné Bumi bukak usaha jahit, mula duwé piranti warna-werna. Embun, Bagas, lan Bening ketiban gawéan golèk rosokan kertas emas lan rosokan tas kresek.

Ngepasi dina Minggu, Bening sakanca mlumpuk ing omahé Bumi. Kabèh nggawa barang selaras marang tugasé dhéwé-dhéwé. Sadurungé tumandang gawé, kabèh padha crita asal-usulé rosokan sing digawa.

Hari berikutnya, mereka berembug lagi. Mereka setuju, iringan gamelan yang digunakan adalah barang bekas dari tempat cat tembok bekas, botol, dan lainnya.

Pakaian dibuat bersama-sama di rumah Bumi. Bumi mempunyai alat yang lengkap, seperti gunting, pisau, kater, benang dan lain-lainnya. Bapak dan ibu Bumi membuka usaha menjahit. Oleh karena itu, ia mempunyai berbagai macam alat. Embun, Bagas, dan Bening mendapatkan tugas mencari kertas emas dan plastik bekas.

Saat hari Minggu, Bening dan temannya berkumpul di rumah Bumi. Semua membawa barang sesuai dengan tugasnya masing-masing. Sebelum bekerja, mereka bercerita tentang cara mendapatkan barang bekas yang dibawa.



Bening olèh kertas wernané ana sing kuning kaya emas, abang, ijo, biru, lan ungu. Kabèh sing maringi Mbak Wahyu, tanggané kang bubar dadi mantèn. Kertas iki kabèh tilas buntel kadho. Embun crita menawa kresek manéka werna sing digawa paringané simbah putri.

“Nggonku bubar nganyarké cèt kamar tamu lan kamar njero. Wadhahé dakgawa mréné. Déné rosokan gendul lan rosokan piring iku sing maringi ibuku, rosokan pralon sing maringi bapakku,” mangkono critané Bagas. Sawisé tutug anggoné crita, bocah-bocah iku tumandang gawé.

Bening mendapatkan kertas berwarna, ada yang berwarna kuning keemasan, merah, hijau, biru, dan ungu. Semua pemberian dari Mbak Wahyu, tetangganya yang baru saja menikah. Semua kertas ini adalah bekas bungkus kado. Embun bercerita jika berbagai macam plastik yang dibawanya merupakan pemberian simbah putri.

“Rumahku baru saja dicat kamar tamu dan ruang keluarga. Wadahnya kubawa ke sini. Adapun botol dan piring bekas itu pemberian ibuku, paralon bekas pemberian bapakku,” begitu cerita Bagas.

Setelah puas bercerita, anak-anak itu bekerja kembali.

Bening ngelus kertas emas, digarisi nganti ana gambaré segitiga-segitiga. Sawisé mangkono banjur ditugel-tugel dadi segitiga akèh banget. Segitiga-segitiga iku banjur dilèlèti lém, didèlèhi sada, banjur dilinthing. Banjur sada didudut, ngasilaké linthingan kertas emas dawané wetara loro setengah sèntimètèr.

Bening ngasilaké linthingan kertas emas atusan iji. Linthingan kertas emas banjur dirèntèngi nganggo bolah, dadi kalung. Kalung saka kertas emas iku banjur dicoba déning Bening. Ujare, “Hé delengen kanca-kanca! Iki kalung kanggo bidadari sakti!”

Kabèh padha méngo lan nyawang marang Bening. Kabèh padha gumun déné kalungé Bening ngèmperi emas temenan.

Bening melipat kertas emas, digarisi sampai membentuk gambar banyak segitiga. Setelah itu, dipotong menjadi banyak segitiga sesuai gambar. Potongan banyak segitiga itu diolesi lem, diberi lidi, selanjutnya dipilin. Kemudian, lidi diambil untuk menghasilkan pilinan kertas emas panjangnya dua setengah cm.

Bening menghasilkan ratusan pilin kertas emas. Pilinan kertas emas disambung menggunakan benang sehingga menjadi kalung. Kemudian, kalung dari kertas emas itu dicoba oleh Bening. Katanya, “Hei, lihatlah teman-teman! Ini kalung untuk bidadari sakti!”

Semua saling memandangi lalu melihat Bening. Mereka kagum karena kalungnya Bening mirip sekali dengan emas.

Bening bisa ngasilaké kalung kertas emas puluhan cacahé. Sawisé kalung kertas emas bisa digawé cacahé akèh, kabèh ora sabar. Kabèh padha mèlu nganggo kalung. “Wow, kalung kertas emas Bidadari Sakti, wow apik temenan!” bengoké bocah-bocah iku.

Jubah bidadari sakti uga uwis digawé déning Embun diréwangi Bagas lan Bumi. Bahané nganggo tas kresek kang dirèntèngi miturut warnané.

Warna ireng dirèntèngi karo liyané sing warnané uga ireng, putih karo putih, lan kuning karo kuning. Jubah pérangan ndhuwur digawé saka tas kresek kang warnané putih, sing tengah warnané ireng, lan pérangan ngisor warnané kuning.

Bening bisa menghasilkan puluhan kalung kertas emas. Setelah membuat banyak kalung kertas emas, semua tidak sabar. Mereka ikut memakai kalung.

“Wow, kalung kertas emas bidadari sakti bagus sekali!” teriak anak-anak itu.

Jubah Bidadari Sakti berhasil dibuat oleh Embun dibantu Bagas dan Bumi. Bahannya menggunakan tas plastik yang disambung sesuai warnanya.

Warna hitam disambung dengan warna hitam lainnya, putih dengan putih, dan kuning dengan kuning. Jubah bagian atas dibuat dari tas plastik berwarna putih, bagian tengah berwarna hitam dan bawahnya berwarna kuning.

Rampung gawé jubah, teken sekti uga digawé nganggo pring dibuntel kertas emas. Tongkaté warna putih, pucuké ana wewangunan wujud lintang segilima warnané abang. Critané, bidadari sakti bakal nggawèkaké panganan énak kanggo Mlathi migunakaké teken sekti iku.

Piranti lan gamelan kanggo sandiwara pungkasané bisa digawé kabèh. Dina Senin ésuk, piranti-piranti iku digawa lan banjur disimpen ing sekolahan.

Dina Selasa, wektuné kepyakan wis teka. Bening sakanca kumesar atiné. Kringet dlèwèran sak awak klebus, jantungé dheg-dhegan. Pranatacara kandha, “Inilah pentas drama Bidadari Sakti oleh Bening dan kawan-kawan!”

Selesai membuat jubah, tongkat sakti dibuat menggunakan bambu dibungkus kertas emas. Tongkatnya berwarna putih, ujungnya diberi bintang segilima berwarna merah.

Ceritanya, bidadari sakti akan membuat makanan enak untuk Mlathi menggunakan tongkat sakti itu.

Perlengkapan dan gamelan untuk sandiwara akhirnya selesai dibuat. Hari Senin pagi, perlengkapan itu dibawa dan disimpan di sekolah.

Hari Selasa, waktu pementasan sudah tiba. Bening dan teman-temannya merasa gusar. Keringat mengucur membasahi badan, jantungnya berdebar. Pembawa acara mengatakan, “Inilah pentas drama Bidadari Sakti oleh Bening dan kawan-kawan!”



Bening sakanca metu ing panggung gentènan manut urutan crita. Gamelané digawé saka rosokan èmbèr, wadhah cèt, kalèng roti, lan sapanunggalané. Kabèh penonton gumun, amarga bocah-bocah SD wis bisa kepyakan kagunan kaya ngono. Penonton keplok-keplok ramé nalika sandiwara rampung.

“Wah, ayu banget Bening nganggo jubah putih lan kalung kuning emas. Kalungé apik lan mèmper emas temenan,” ana penonton sing ngalem mangkono.

“Èmbèr, gendul, lan blèk jebul bisa dadi gamelan sandiwara, ya?” liyané jeli-jeli marang kancané.

“Kalungé kaé anggoné tuku menyang ngendi, ya?”

“Kaé ki mung saka kertas, lho. Kertas emas! Kalung kaé ora tuku, nanging gawé dhéwé,” liyané manèh ana sing semaur.

Bening dan teman-teman keluar menuju panggung bergantian mengikuti urutan cerita. Gamelannya dibuat dari ember, wadah cat, kaleng roti bekas, dan lain-lainnya. Semua penonton kagum karena anak-anak SD sudah bisa pentas seperti itu. Penonton bertepuk tangan riuh ketika sandiwara selesai.

“Wah, cantik sekali Bening memakai jubah putih dan kalung kuning emas. Kalungnya bagus dan mirip seperti emas,” pujian salah satu penonton.

“Ember, botol, dan kaleng ternyata bisa menjadi gamelan sandiwara, ya?” tak bosan teman-temannya saling berucap.

“Kalungnya itu beli di mana ya?”

“Itu hanya terbuat dari kertas lho. Kertas emas! Kalung itu tidak beli, tetapi dibuat sendiri,” yang lainnya menyahut.

Kalung kertas emas sing digawé Bening kanyata dadi daya kekuatan narik kawigatèn. Guru-guru banjur padha sarujuk yèn minggu ngarep paring dhawuh marang Bening. Bening didhawuhi nggladhi siswa kelas 4 lan kelas 3 gawé kalung emas.

Ing dina candhaké, Bening nggladhi kanca-kanané gawé kalung saka kertas emas. Akèh kang banjur bisa gawé kalung kaya mangkono. Nanging uga akèh sing durung bisa.

Saka gawéyan prasaja lan barang prasaja kanyata bisa nuwuhaké bab kang mupangati. Bocah ing SD-né Bening banjur akèh kang nganggo kalung kertas emas. Malah ana sing nganggo loro utawa telu kanthi ukuran kang béda-béda.

Kalung kertas emas yang dibuat Bening menjadi daya tarik perhatian. Guru-guru bersepakat minggu depan menugasi Bening. Bening diminta untuk melatih siswa kelas 4 dan kelas 3 membuat kalung emas.

Di hari berikutnya, Bening melatih teman-temannya membuat kalung dari kertas emas. Akhirnya, banyak teman Bening yang bisa membuat kalung seperti itu. Namun, banyak juga yang belum bisa.

Pekerjaan dan barang yang sederhana, ternyata bisa menjadi hal yang bermanfaat. Setelah itu, anak-anak di sekolah Bening banyak yang memakai kalung kertas emas. Bahkan, ada yang memakai dua atau tiga dengan ukuran yang berbeda-beda.

Tumrap Bening, kalung kertas emas iku bisa nekakaké rejeki, jalaran bocah-bocah sing durung bisa gawé dhéwé banjur pesen marang Bening. Banjur padha awèh tandha panuwun marang Bening wujud dhuwit saéklasé. Senajan ora sepira regané, kalung kertas emas marakaké cèlèngané Bening cepet kebak.

Untuk Bening, kalung kertas emas itu bisa mendatangkan rejeki karena anak-anak yang belum bisa membuat sendiri akan memesan kepada Bening. Kemudian, mereka memberikan tanda terima kasih kepada Bening berupa uang seikhlasnya. Walaupun harganya tidak seberapa, kalung kertas emas membuat celengan Bening cepat penuh.



Biodata



Penulis

Suwarsidi menulis sejak duduk di SMP tahun 1980-an di majalah dinding sekolah. Mulai menulis di media massa tahun 1988. Dalam menulis dia menggunakan nama samaran Gatot Suwarsidi dan paling sering menggunakan nama eSWe Sidi. Tulisannya berupa feature, berita, mimbar agama, cerita alam gaib, puisi, cerpen, cerita anak, naskah drama. Beberapa antologi puisi, cerpen, dongeng anak secara mandiri telah ia hasilkan. Sudah ada 3 karyanya yang diterbitkan oleh Balai Bahasa Yogyakarta, yaitu : Sayembara Angin (2021), Arya (2022), Usar Tettahu (2023). Beberapa karyanya juga telah diterbitkan oleh Dinas Kebudayaan DIY. Suwarsidi adalah guru Bahasa Indonesia yang sekarang menjabat sebagai Kepala Sekolah sebuah SMKN di Bantul. Jika Anda ingin lebih mengenal penulis ini bisa mengunjungi fb eSWe Sidi, IG: eSWe Sidi, Youtube : eswe sidi, web : eswesidi.my.id, blog : eswesidijawa.blogspot.com, tiktok : eswe sidi.



Penerjemah

Siti Nurhilmi Nihayati yang sering disapa dengan berbagai nama yaitu Utie, Siti, Hilmi, dan Mimi merupakan lulusan Sastra Nusantara, FIB, UGM. Berdomisili di Sewon, Bantul, Yogyakarta. Pada masa kuliah pernah mengikuti kegiatan penulisan majalah kampus, mentransliterasi naskah kuno, juga menjadi penyelaras akhir buku Warisan Keberaksaraan Yogyakarta: Naskah sebagai Sumber Inspirasi. Selain itu pernah mengajar di pulau paling selatan Indonesia (Kabupaten Rote Ndao, Nusa Tenggara Timur). Juga menjadi konsultan pendidikan dan kebudayaan. Siti Nurhilmi Nihayati bisa dihubungi melalui instagram @utie_mimi atau surel sitinurhilmi@gmail.com.



Penyunting Bahasa Jawa

Galang Prastowo yang kini mengajar di salah satu universitas di Yogyakarta dulunya merupakan guru SD. Sejak menjadi guru SD inilah ia menyukai sastra anak hingga kini.



Penyunting Bahasa Indonesia

Wuroidatil Hamro, lahir di Kediri Jawa Timur dan tinggal di Sedayu, Bantul. Dia lulusan S1 Adab, Bahasa, dan Sastra Arab UIN Sunan Kalijaga. Saat ini bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Dia bisa disapa di wuroida@gmail.com.



Ilustrator

Landha Bellamora adalah seorang ilustrator kelahiran tahun 1997. Saat ini Landha bekerja sebagai designer di sebuah studio lukis di Yogyakarta setelah lulus kuliah dari Institut Seni Indonesia Yogyakarta pada tahun 2022. Di luar kesibukannya sebagai ilustrator, Landha juga membuat beberapa lukisan yang terinspirasi dari cerita rakyat Indonesia, kemudian dipadukan dengan gaya visual manga yang khas. Karya-karya Landha dapat dilihat dengan mengunjungi laman instagramnya di [@landhabellamora](https://www.instagram.com/landhabellamora) .



Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<https://penerjemahan.kemdikbud.go.id>



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Barang sepélé ora kena disepèlèkaké. Barang sepélé iku upamané rosokan kang wujud dluwang utawa kertas. Rosokan dluwang iku bisa kaolah dadi barang kang aji. Barang aji tegesé bisa ngasilaké dhuwit. Upama ora ngasilaké dhuwit, bisa gawé marem ing ati. Kepriyé mungguh carané supaya rosokan dluwang iku bisa ngasilaké dhuwit utawa gawé marem ing ati? Wangsulane pitakon iku bisa tinemu ing crita kanthi irah-rahan Kalung Kertas Emas iki.

Barang sepele tidak bisa disepelekan. Salah satu contoh barang sepele itu adalah barang bekas berupa kertas. Kertas bekas itu bisa diolah menjadi barang yang bernilai. Barang yang bernilai artinya bisa menghasilkan uang. Seumpama tidak menghasilkan uang, barang tersebut bisa memuaskan hati. Bagaimana caranya supaya kertas bekas itu bisa menghasilkan uang atau memuaskan hati? Jawaban pertanyaan itu bisa ditemukan di cerita dengan judul Kalung Kertas Emas ini.



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

ISBN 978-623-388-691-8 (PDF)



9

786233

886918